



POLITIK KONSILTATIF

Operasyon sou tèren 2023-4

Règleman: Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) ak Depatman Asistans Tranzisyonal (DTA) Règleman konsènan Asistans Finansyè pou pran Swen Timoun epi pou Moun ki Elijib pou Revni Tanporè.

Dat l'ap antre an vigè: 1ye oktòb 2023

Lyen Règleman: <https://www.mass.gov/doc/interim-income-eligible-child-care-financial-assistance-program-policies-october-1-2023/download> ;
<https://www.mass.gov/doc/interim-dcf-related-child-care-financial-assistance-program-policies-october-1-2023/download> ;
<https://www.mass.gov/doc/interim-dta-related-child-care-financial-assistance-program-policies-october-1-2023/download>

APÈSI

EEC ap travay pou fè yon seri chanjman enpòtan onivo pwogram k'ap ede timoun yo ki nan gadri nan eta a finansyèman pou l vin an amoni ak Règleman yo te revize yo konsènan Asistans Finansyè pou bay timoun yo Swen (606 CMR 10.00) ki te antre an vigè 1ye oktòb 2023 . Amelyorasyon ki gen nan règleman yo mache ak mizajou onivo direktif yo. EEC ap pibliye nouvo direktif pwovizwa k'ap reflete chanjman sa yo ki vize senplifye pwosesis aplikasyon an, diminye difikilte administratif pou fanmi yo jwenn papye ak pwogram yo, epi pi byen ede fanmi ki pa gen kay, fanmi ki gen andikap , ak fanmi ki afekte pa vyalans domestik yo.

Direktif konsènan Règleman sou kalifikasyon Revni Pwovizwa, Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), ansanm ak Depatman Asistans Tranzisyon (DTA) yo tou ap antre an vigè apati 10/1/2023, men y' ap pibliye sou yon baz pwovizwa epi prevwa plis mizajou ak nouvo chanjman alavni . Yo dekri Tout nouvo politik pwovizwa ki an vigè kounye a yo anba a. Chanjman ki pap an vigè nan dat 10/1 mande pou yo modifye teknolojikman, fòmasyon ak konsèy siplemantè anvan aplikasyon an.

Pou jwenn asistans teknik oswa klarifikasiyon sou ki règleman k'ap anvigè apati 10/10, tanpri kontakte n atravè imèl eecsubsidymanagement@mass.gov oswa [register for a drop-in office hours](#).

APLIKABILITE

Règleman sa yo aplikab pou tout fanmi ki gen aksè ak administratè yo.

MIZAJOU KONSÈNAN TÈMINOLOJI ANRAPÒ AK RÈGLEMAN KLE YO

- Kounye a, règleman yo gen ladan lang ak tèminoloji ki pi enklizif ak aksesib, tankou:
 - Tèm netral SOU sèks;
 - "Sibvansyon" Ki chanje an "asistans finansyè pou gadri";

- "Bezwen espesyal" ki chanje an "enfimite";
- "Sibvansyon pou Administratè" ki chanje an "aksè administratè ak fanmi"; epi
- Yo te mete ajou Deklarasyon non-diskriminasyonèl la pou reflete pwoteksyon legal aktyèl yo.

PRENSIPAL MIZAJOU NAN RÈGLEMAN YO – DIREKTIF PWOVIZWA K'AP ANVIGÈ APATI 10/10

Revni ki elijib

- Fanmi ki fè eksperyans sanzabri (jan sa defini anba Soutit VII-B Lwa McKinney-Vento Asistans pou moun Sanzabri yo (Gade 42 U.S.C. 11434 a(2)) kounye a kalifye pou gen aksè ki priyorize nan lis datant la:
 - Yo ka verifye kalifikasyon yo atravè yon fòm referans, lèt abri, oswa lòt dokiman jan EEC defini sa a.
 - Fanmi yo ap kalifye pou yo jwenn swen aplentan; sa vle di pap gen okenn bezwen sèvis adisyonèl ki nesesè (bezwen sèvis ak aktivite yo antre nan CCFA tankou "pa gen kay" ak èdtan semanal = 30).
 - Pa gen okenn koleksyon revni ki obligatwa, epi yo pa ta dwe antre yo nan CCFA.
 - Fanmi yo p ap peye yon frè antanke paran.
 - Fanmi yo gen dwa jiska 6 mwa pou yo konfòme yo ak vaksinasyon an ansam ak lòt kondisyon dokiman enskripsiyo yo.
- Kounye a ofisyèlman pesonèl k'ap bay timoun yo swen epi ki travay nan domèn edikatif preliminè yo vin gen yon estati priyorité. Li pa yon projè pilòt ankò.
- Fanmi ki gen nouvo travay ka itilize yon lèt travay oswa yon fòm verifikasiyon travay (EVF) pou resevwa yon otorizasyon pou 12 mwa.
 - Fanmi yo tou pa bezwen bay bilten peyman yo ankò.
 - Yo ta dwe antre fanmi yo nan CCFA, kòm "travay" se pa antanke "nouvo travay."
- Kounye a Moun k'ap ede fanmi yo ak gadri vin kalifye pou pran swen pwòp pitit yo siyo ranpli yon sèten kondisyon.
- Moun k'ap ede fanmi yo pap resevwa yon premye vèsman nan men yo ankò.
 - Sa a ranplase politik kote yo te chaje fanmi yo yon premye vèsman chak semèn pou premye semèn yo (Yo te chaje yo pandan 2 semèn an total pou kòmanse) pou kouvri dènye semèn swen yo.
- "Abandone sibvansyon" te eliminate kòm yon rezon pou revokasyon.
- Verifikasiyon andikap se yon egzijans sèlman yon fòm dokiman (lèt doktè oswa fòm).
 - Ou pap bezwen tou de fòm dokiman yo ankò.

Kominikasyon

- Kounye a, administratè ki gen aksè ak fanmi yo dwe itilize plizyè mòd kominikasyon pou yo rive jwenn fanmi yo (pa egzanp, lapòs, imèl, tèks, telefòn).
- Yo dwe voye notifikasiyon sou disponiblite finansman bay fanmi yo pa imèl oswa pa lapòs.
- Administratè ki gen aksè ak fanmi yo dwe voye avi pa imèl ak pa lapòs pou konfime estati yon fanmi sou lis datant la (sa vle di konfirmasyon ak sispansyon).
- Anvan yo sispann ede yon fanmi finansyèman pou gadri, administratè ki gen aksè ak fanmi an dwe fè de tantativ separe lè I sèvi avèk diferan mòd kominikasyon pou kontakte fanmi an (pa egzanp, apèl nan telefòn yon jou, imèl nan demen).

- Yo dwe voye yon avi re-otorizasyon pou fanmi yo nan omwen 60 jou anvan fen peryòd otorizasyon yo. Peryòd tan sa a ap ogmante de 45 jou anvan yo.

Verifikasyon

- SSI, SSDI, sipò alimantè pou timoun, ak benefis TAFDC yo pa yon seri revni pou konsidere ankò.
- Nouvo Règleman yo rekonèt ID ki ekspire yo se yon fòm verifikasyon ki akseptab. Administratè ki gen aksè ak fanmi yo ta dwe aksepte yon dokiman ki ekspire kòm prèv idantite si dokiman an sifi pou etabli idantite yon paran kèleswa lè dokiman an ta ka ekspire.
 - Epitou, si pa gen okenn ID ki disponib, fanmi yo ka itilize de lòt fòm oswa nenpòt lòt dokiman ki ka detèmine oswa verifye idantite yon moun.
- Kounya yo elimine Fòmilè verifikasyon yon entemedyè (2yèm paran ki pa ret nan kay la) epi yo p ap itilize l ankò.
 - Administratè ki gen aksè ak fanmi yo pa bezwen verifye enfòmasyon sa yo ankò pou lòt paran an.
- Kounye a, prèv adrès la sèlman obligatwa nan premye otorizasyon sof si yon fanmi fè yon chanjman nan adrès li.
 - Re-otorizasyon sa a pa obligatwa ankò sof si gen yon chanjman nan adrès la.
- Kounye a, paran yo kapab soumèt 4 semèn salè ki pa konsekatif nan dènye 26 semèn yo (6 mwa) ki pi reflete revni yo.

DTA ak DCF

- Anile tès avantaj pou fanmi TAFDC ak DCF.
- Fanmi k'ap chèche gadri nan lespas 24 mwa apre yo fin fèmen dosye DTA oswa DCF y'ap elijib pou jwenn aksè imedyat nan gadri.
 - Sa a se yon ogmantasyon de 12 mwa anvan.
 - Yo pap evalye frè pou paran yo pandan premye 12 mwa gadri tranzisyon yo.
 - Kounye a, administratè ki gen aksè ak fanmi yo oblige kontakte yon fanmi nan 3 jou ouvrab apre yo resevwa yon referans DTA oswa DCF.

RESOUS

EEC ap òganize sesyon fòmasyon yo kòmanse nan mitan mwa oktòb la. Orè fòmasyon an pral ajoute sou sit entènèt nou an byento. Kounye paj la gen ladann yon anrejestreman sesyon kick-off ki te fèt nan mwa septanm nan ak diaporama ki akonpaye la.

Pou asistans ak aplikasyon oswa entèpretasyon règleman pwovizwa asistans finansyè pou gadri timoun sa yo, kontakte EEC nan eecsubsidymanagement@mass.gov oswa [register for a drop-in office hours](#).

PERIME

Règleman sa yo ranplase politik ki te la avan yo konsènan pwogram asistans finansyè pou gadri ajans lan bay.